

**SS.7.C.3.5**  
*Eksplike pwers amannman konstitisyonèl la.*

---

**SS.7.C.3.5 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 3:** Elèv yo pral ka idantifye enpòtans pwers amannman ki fòmèl.

Atik V (5) senk Konstitisyon peyi Etazini an dekri de metòd pou **propoze** amannman yo epi de metòd pou **ratifye amannman yo**. Papa fondatè yo te vle fè sèten ke te gen yon pwers pou Konstitisyon an te yon “dokiman ki vivan” ki te ka chanje avèk tan.

Papa Fondatè yo ta vle kreye yon pwers ki tap difisil. Si pwers la twò senp, konstitisyon an tap kapab chanje yon ti jan pi souvan ke l ta sipoze.

Yon fwa ke yon amannman ta ratifye, li fè pati Konstitisyon an amwenke gen yon lòt amannman pou ranvèse amannman sa a. Ekzamp, *dizwityèm* amannman an te entèdi alkòl etandiske venteyinièm amannman an ranvèse entèdiskyon sa a.

Epi tou, Lakou Siprèm peyi Etazini an entèprete lwa yo pou detèmine si yo konstitisyonèl ou pa, sa enkli amannman yo nan Konstitisyon an. Yon lwa ki kont yon amannman ta ka petèt **pa konstitisyonèl**.

Atik V (5) senk konstitisyon an eksplike de fason ke yon amannman ka propoze ak de fason ke yon amannman ka ratifye. Si yon amannman yo propoze pat swiv rout kòrèk pou ratifikasiyon an, oubyen li pat aprouve, yo pa ajoute l nan Konstitisyon an.

**amannman** - yon chanjman nan yon konstitisyon (e.g., Konstitisyon peyi Etazini an, Konstitisyon eta Florid)

**pa konstitisyonèl** - pa anakò avèk Konstitisyon peyi Etazini an

**propoze** - fè sijesyon

**ratifye** - konfime pa yon kontni ki eksprime; fòmèlman aprouve